Литература

1. *Абдуллатипов А.-К. Ю.* Три поэта / Уьч шаир (на кум. яз.) – Махачкала: Даг. кн. изд-во, 2004. – 224 с.

2. *Алиев С. И.* Дорога в современность. – Махачкала, 1977. – 143 с.

3. *Алиев С. М.-С., Акаев М.-Г.* Революциядан алдагъы къумукъ адабият. – Магьачкъала, 1979. – 127 б.

4. *Гереев Ю.* Певец из революционного Кумторкала // Дагестанская правда, от 06 сентября 1935 г.

УДК 821.351.12
DOI

Майндурова Рашидат Мухидиновна,
Институт языка, литературы и искусства
им. Г. Цадасы ДФИЦ РАН,
г. Махачкала

ХУДОЖЕСТВЕННОЕ БОГАТСТВО И ИДЕЙНАЯ НАПРАВЛЕННОСТЬ ПОЭМЫ ЗАЛМУ БАТИРОВОЙ «ЗНАМЯ ЧЕСТИ, ВОДРУЖЕННОЕ НА АХУЛЬГО»

Аннотация. Творчество Народного поэта Дагестана Залму Батировой, включающее в себя стихи, сонеты, баллады, поэмы, занимает особое место в поэтическом наследии не только аварцев, но и других дагестанских народов. Особенностью творческого почерка Залму Батировой является выразительность языка, метафоричность мысли и глубокое философское содержание. Афористические выражения Батировой сходны с народными пословицами. Залму Батирова – мастер художественного слова, она широко использует все композиционные приемы, известные способы создания трагического эффекта и драматизма в художественном тексте.

В данной статье на материале поэмы «Знамя чести, водруженное на Ахульго», посвященной событиям Кавказской войны, мы постарались показать художественное богатство поэзии, идейную направленность, своеобразие стиля и языка автора, отметить верность традициям и новаторские поиски поэта.

Ключевые слова: Залму Батирова, поэма, Кавказкая война, аварская поэзия, средства художественной выразительности, символы, тропы.

ЗАЛМУ БАТИРОВАЛЪУЛ «АХIУЛ ГОХIДА ЧIВАРАБ ЯХIАЛЪУЛ БАЙРАХЪ» ПОЭМАЯЛДА КАВКАЗАЛЪУЛ РАГЪУЛ СУРАТ ЦЕБЕЧIЕЗАБИ

Залму Батировалъул рагIул пасихIлъиялъе, гIакъиллъиялъе, гъварилъиялъе нугIлъи гьабула гьелъул асаразул гIемерисел мухъал, кицабилъун лъугьун, халкъалда гьоркьор тIоритIун, магIарулаз къойил каламалъулъ хIалтIизе гьарулел рукIиналъ.

ЦIалкIица рогьо баге
БагьичIеб гулгумалда [1, гь. 262].

***

Чарухъаца гьабураб чакмабаз кун букIана,
Чакмабаца гьабураб галстуказ кунеб буго [2, гь. 269].

РатIлица чи гьавула,
Чадица черх гьабула,
Амма яхIалъ гурони,
БахIарчи гьавуларо [3, гь. 200].

***

ХIалтIухъаби хвечIого,
ХIалтIиги лъугIуларо,
МацIихъаби хвечIого,
Хабарги тIагIунаро [3, гь. 269].

Залмуца хъвалеб буго гIолохъанал поэтал гIемерисел жанире ургъулел гьечIин. Жийго Залму цIакъго жание яккун, гъваридго ургъун, цохIо магIарулазе гурел, тIолго халкъалъе кIвар бугел суалал рорхун хъвадарулей йиго. ШагIиралъ хъвалеб буго:

Дун дуниялалъул гьитIинаб бутIа,
Гьалъул гIузрабазда цадахъ унтарай…[2, гь. 121]

«Дие рокьула поэзиялъулъ хIинкъи гьечIого кьолел суалал», – ан хъвалеб буго Залмуца ва рорхулел руго инсанияталъе кIвар бугел, хIалуцарал, захIматал, жакъасеб къоялъе чара гьечIого къваригIарал суалал: ватIаналде, халкъалде, гIадамасде рокьи, гIун бачIунеб

гIелалъ рахьдал мацI лъазабизе ккей, вижараб ракьалъул тарих ва маданият цIуниялъул бугеб кIвар:

Рахъун бераздаса цIоробералгун,
ЦIале миллаталъул тарих васазе.
ЦIуне мацI, цIуне цIар, цIоморал иццал,
Нилъер наслабазе ирслъун хутIизе [1, гь. 41].

ГIагараб ракьалде гIурхъи гьечIеб рокьи буго шагIиралъул каранлъ, ватIаналъул тема борхун хъварал асаралги гьелъул гIемерал руго, амма «бокьилаан гьеб тема цIи гьабун хъвани», – ян абулеб буго гьелъ гIолохъанал поэтазда.

Кавказалъул рагъул тарихги, гьелъул хIакъикъатги, магIарулазул къохIехьейги, бахIарчилъиги, сахаватлъиги бихьизабун буго «АхIул гохIда чIвараб яхIалъул байрахъ» абураб поэмаялда. ПасихIаб, чвахун бачIунеб мацIалъ хъвараб асаралъул тIоцересел мухъаз хадур цIала цIалдолел. Залму Батирова – ккола художествияб рагIул мастер, гьелъ гIатIидго хIалтIизарулел руго киналго композициялъул приемал. Назму байбихьулаго шагIиралъ гьабулеб буго гьадинаб хитIаб:

Макьуйищ, рокьийищ мун щиб, АхIул гохI?
ЧIухIийищ, унтийищ щиб дулъ цIарул гохI?

Ва жаваб кьолеб буго:

ХIалае бакIлъараб сахлъичIеб ругъун
ГъалбацIал къуличIеб къадруяб рукIун, – ян [2].

Калам пасихIлъиялъе Залмуца махщалида хIалтIизарулел руго батIи-батIиял тропал: эпитетал ва метафораби – «гъалбацIил рукIел», «меседил гIор», «согIаб гьогьен», «ахирияб сапар», «хвалчабазул паркъи», «рагъул цIа», «гулбузул цIад», «пикрудал ралъад», «меседил рухI» ва гь.ц.

Рагъул кьогIлъи бихьизабизе поэталъ хIалтIизабулеб буго гипербола:

Мун магIарулазул мазгарул гIамал,
ГIелазе биялъ хъван тарих тараб бакI…
Гулбузул цIадуца цIа баканиги,
БегичIо гьаниб дур яхIалъул байрахъ... [2, гь. 17]

Халкъалдехун рокьи, тIалаб, агъаз загьир гьабизе хIалтIизабун буго литота:

Дир хирияб Дагъистан,
Дангъур гIанасеб дур халкъ, – ян [2, гь. 33].

ЦIалдолезул кIвар буссинабулеб буго рефрен гIадин поэмаялъулъ такрарлъулеб бугеб – рагъулъ щив бергьаниги, рухIияб рагъда нилъер Дагъистан бергьанилан абураб пикруялде.

АхIулгохIалъул цIаралдасан шагIиралъ гьанжесеб гIелалъе кьолеб буго суал:

Нижее гIадин нужей
Рижараб ракь бокьулищ?– ян

Жавабалда тIад ургъизе тIамулел руго хадубго цун кьураб суалалъ:

Нужеда гъеж къотIулев
ГIалибег вихьуларищ? – ян [2, гь. 41].

Кинаб жавабха кьезе бугеб нилъер лъималаз АхIулгохIалъе? Гьеб жакъа нилъеда бараб буго, нилъеца кьолеб тарбиялда, нилъер яхIалда, нилъер ватIаналда цебе налъуе ритIухълъиялда.

Жакъа нилъер ватIаналда сверун бугеб ахIвал-хIалалде балагьун, ватIан цIунулезе ва цIунизе тIадаб бугезе чара гьечIого хIажатаб асар буго гьаб.

Залму Батировалда кIун буго Шамилиеги, гьесул бахIарчияб заманалъеги, заманалъул бахIарзазеги мустахIикъаб къимат кьезе. Шамил имамасул къеркьеялъе тIадегIанаб къимат кьолаго шагIиралъ гIурусазул поэтаздехун юсун абулеб буго: «Бице нижер хIакъалъулъ», – ян.

Бице чIвазе кIолеб жо
Бихьинчилъи батичIин,
Гуллица борлъулеб жо
БахIарчилъи букIинчIин [2, гь. 66].

Бице, хъвадарухъаби,
Дагъистан чIаго бугин,

МугIрузда иццал къинчIин,
ЦIумал роржунел ругин [2, гь. 67].

Поэма цIалулаго нилъеда цебе чIолеб буго магIарул халкъалъул тIолабго гIумру ва жедедасан мисал босулел халкъалда гьоркьоса бахIарзал.

Рихьизарун руго бахIарчиял ручIачIабазул сипатал: «чанги лъукъаразе лъим баччарай» гIурус офицерасухъ хисарай Гьумайил, росасул ретIелги ретIун тушмангун ягъарай «цIиркъил лебаллъиялъул» Ханзадал, вацасул гужгатги ретIун «цIадул пири гIадинан тушбабазулъ речIчIулей» Чакарил, асирлъуде инарилан гIурулъе кIанцIарай Загьрал, росасда хадуй рагъде арай «чанкIкIарай магIарулай» Париханил, асирлъуде ккарай «лебалав вацIасул яц» ГIашилтIаса Нуцалалъул, «берзул канлъи инедухъ» къеркьолей таваккалай Хъутай – тушманасухъе щвечIого рукIине «тункун гьитIинал тIанчIи кьурса гIодой рехарай».

Гьаниб рагьулеб буго
Жив-живасул хасият,
Гьаниб бихьулеб буго
Лебаллъи, бахIарчилъи [2, гь. 40].

Поэма байбихьаралдаса ахиралде щвезегIан поэталъ нилъ ахIулел руго Аллагьас нилъее кьураб нигIматалъул – лъел – къимат гьабизе. Лъехъ инагьдулел лъималазул, гьелъухъ гIащикълъун хваразул сипатазул кумекалдалъун шагIиралъ хIаракат бахъулеб буго инсан кантIизавизе, гьев рекIетIе ватизавизе, рагъул бахIарчилъи гуребги вахIшилъиги, унтиги, бухIиги, кьогIлъиги бихьизабизе:

ГьитIинав вац ганчIида
Бабайилан гIодилев,
Анлъго сон бараб лъимер
Лъимилан инагьдулев [2, гь. 46].

ШагIиралъ ахIи балеб буго гьанжесеб гIелалде – мугIалималлъун тушбаби ккогеян, тарих кквеян. Тарихалъ малъилин битIараб нухин. Поэмаялда халкъалъул къуват ва бахIарчилъи бихьизабулеб буго, гьелъ ватIаналде, гIураб ракьалде, тарихалде рокьи бижизабулеб буго.

Поэмаялъул лейтмотив, ай аслияб пикру, бугин ккола гьаб куплеталъулъ:

Гьаниб паркъи хутIана
Къанщун унел беразул,
Гьеб канлъи наслабазе
Намус тархъунгутIизе [2, гь. 65].

ШагIиралъ нилъеда бичIчIизабулеб буго цолъиялъулъ бугин нилъер къуват ва ракълилъ бугин бергьенлъи:

ЦIи-цIиял питнабазде
Ругьунлъугеги гIалам.
ЦIи-цIиял цIаял ракун
БухIугеги дуниял [2, гь. 67].

Залмул пасихIаб калам, гъваридал пикраби, кицабиял алфазаллъун лъугьарал кIижугьаби ккола гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул дарс, нилъер рухIияб хазина!

Литература

1. *Батирова З. М.* Избранное: Стихи и поэмы. (На авар. яз.). – Махачкала: ГАУ РД «Дагестанское книжное издательство», 2019. – 440 с.

2. *Батирова З. М.* Избранное. Поэмы. Том III. (На авар. яз.). – Махачкала: ГАУ РД «Дагестанское книжное издательство», 2025. – 408 с.

3. *Батирова З. М.* Избранное: Поэзия. (На авар. яз.). – Махачкала: ГАУ РД «Дагестанское книжное издательство», 2013. – 416 с.